



Tribunal Premye Entans nan Massachusetts: Dosye Plent anrapò ak Chapit 209A

Òdonans Prevansyon kont Maltretans (yo konnen tou kòm “Òdonans Restriksyon” oswa “Òdonans 209A”)

Annakò ak Chapit 209A Lwa Jeneral Massachusetts yo, jij yo ka bay òdonans pou pwoteje moun kont maltretans manm fanmi yo fè oswa manm kay la fè. Biwo lapolis la gen aksè ak òdonans sa yo epi yo dwe aplike yo.

Lalwa defini maltretans kòm **“yon pwoblèm kote** youn nan zak sa yo rive ant manm fanmi an oswa manm kay la: (a) tante fè oswa fè domaj fizik; (b) fè lòt moun pè pou domaj fizik gram ki ka rive; (c) fè lòt moun antre nan relasyon seksyèl san konsantman yo pa lafòs, menas oswa kontrent; oswa (d) kontwòl fòse (coercive control¹) / *Lwa Jeneral nan Massachusetts, chapit 209A, seksyon 1*.

Ou ka mande yon òdonans nan pi fò tribal (Tribunal Minisipal Boston (Boston Municipal Court), Tribunal Distri (District Court), Tribunal Pwobasyon & Fanmi, Lakou Siprèm (Probate & Family Court, or Superior Court)) Lendi rive Vandredi soti 8:30 NAN MATEN - 4:30 NAN APRÈMIDI. **Se gratis yo depoze yon òdonans. Pa gen okenn frè dosye.**

Lè w soumèt demann ou, yon jij ap fè yon odyans sou demann nan kou sa posib. **Nan ka yon ijans** aprè lè tribal konn travay, lè wiken oswa nan jou ferye, ou ka mande biwo polis lokal la pou l' rele yon jij pou ou.

Yon demann òdonans 209A (restriksyon) se yon demann òdonans sivil pou pwoteksyon kont maltretans alavni. Ou se “pati demandrèz epi moun w ap chèche pwoteje tèt ou kont li a se “pati defandrèz/ Epitou, aksyon pati defandrèz la ka gen **karakèt penal**. **Ou ka pale ak biwo Avoka Distri a oswa biwo polis kote yo te rapòte maltretans lan.** Li panesesè pou w pale ak biwo Pwokirè Distri a oswa biwo polis la pou w soumèt dosye w oswa pou w mande yon òdonans, men sa ka ede w konprann opsyon w genyen yo, espesyalman pou w konnen si w ka anvizaje yon pouosit jidisyè.

Enfòmasyon sou depo a

W ap jwenn yon lis fòmilè pi ba a ki nan dosye sa a. Yo dwe ranpli chak fòmilè selon enstriksyon ki mache avèk li a.

- Fòmilè Plent
- Deklasyon sou sèman (Affidavit)
- Fòmilè Enfòmasyon Konfidansyèl Pati demandrèz la
- Fòmilè Enfòmasyon Pati Defandrèz la

Dokiman sa yo ap ede w prepare w pou odyans ou an. Ou ka ranpli yo anvan w ale nan tribal la oswa nan tribal la, men ou dwe prezante an pèsòn oswa pale ak pèsònèl tribal la pou w ka mande yon òdonans. Pèsònèl tribal la ap montre jan pou w soumèt dokiman w yo.

Konfidansyalite Dosye yo

Si ou menm oswa moun w ap mande òdonans kont li a gen pi piti pase 18 ane, manm nan publik la p ap ka wè dosye tribal la. Si ou menm ak moun w ap mande òdonans kont li a gen plis pase 18 ane, nòmalman, moun nan publik la ap ka egzamine dosye tribal la. Si w gen rezon pou w mande jij la pou l' pwoteje konfidansyalite kèk pati nan dosye tribal la, ou ka soumèt yon demann pa ekri (yon demann (a “motion”)) pou w mande jij la fè sa.

Remak: Moun ou mande òdonans kont li a ka wè adrès kay ou ak travay ou k ap parèt nan òdonans lan. Ou ka mande jij la pou yo pa mete adrès ou nan òdonans lan, epi yo ka mande pou w soumèt yon demann pa ekri (yon demann (a “motion”)) kote w mande pou yo pa mete adrès lakay ou/oswa travay ou nan òdonans lan.

Resous Lengwistik

Gen entèpèt gratis ki disponib. Tanpri, fè tribal la konnen si w bezwen èd lengwistik lè w ap aplike pou yon òdonans. Gen kopi dosye plent Chapit 209A sa a ki tradui ki disponib nan plizyè lang ki la pou referans sèlman epi yo dwe voye fòmilè Anglè yo bay tribal la.

Èd

Gen avoka ki ka disponib nan tribal la epi ki ka ede w fè yon demann òdonans restriksyon epi asire sekirite w. Epitou, avoka yo ka disponib pou yo bay enfòmasyon sou sèvis legal gratis oswa a ba pri. Ajans komunitèk ap lite kont vyalans domestik oswa vyòl ka mete w an kontak ak avoka ki bay sèvis gratis e ki konfidansyèl. Pwogram pou Timoun ki Temwen Vyolans ka ede w si w ap enkyete pou efè sa ka genyen sou timoun ou yo.

¹ Kontwòl fòse se yon zak apa kote: (1) y ap fè mal oswa y ap tante fè yon timoun oswa yon manm fanmi an oswa kay la mal; (2) maltrete oswa tante maltrete yon bêt fanmi an oswa kay la; oswa, (3) pibliye oswa tante pibliye imaj seksyèl ki chokan sou manm fanmi oswa kay la; OSWA, yon seri konpòtman ki la pou menase, entimide, asele, izole, kontwole, kontrennan oswa oblige yon manm fanmi an oswa kay la soumèt, sa ki fè manm fanmi an oswa kay la vin vrèman pè domaj fizik yo oswa li gen yon santiman ki redui sou sekirite l' oswa li manke nan libète l.



Tèm Enpòtan pou w Konnen

- **Pati demandrès** la se moun k ap chèche pwoteksyon kont maltretans lan. Si w se yon paran oswa yon responsab legal k ap chèche pwoteksyon nan non yon minè (ki gen pi piti pase 18 ane), yo dwe konsidere minè a kòm Pati demandrès la.
- **Pati Defandrès** la se moun yo akize pou maltretans sou pati demandrès la.
- **Manm Fanmi oswa kay la** se moun ki marye oswa ki te marye; ki fiyanse oswa ki te fiyanse; ki renmen oswa ki te renmen; se paran youn oswa plizyè timoun; ki pa marye, men ki fanmi youn ak lòt nan san oswa nan kad maryaj; oswa, ki pa fanmi, men k ap viv oswa ki te konn viv nan menm kay la.

Men Fòmilè Ou Dwe Depoze nan Tribunal la

• Plent pou Pwoteksyon kont Maltretans

- Fòmilè sa a poze kesyon sou kalite relasyon ki genyen antre nou epi poutèt ou menm oswa pati defandrès la gen pi piti pase 18 ane. Epitou, fòmilè sa a mande yon deskripsiyon sou tip (fòm) maltretans ki te fèt la. Epitou, fòmilè a mande ki pwoteksyon (koreksyon) ou mande jij la pou l'òdone. Plent lan presize tip òdonans yon jij ka pwononse.

• Deklasyon sou sèman (Affidavit)

- Fòmilè sa a mande pou w dekri an detay zak maltretans ki pi resan yo. Si w deklare yon kontwòl fòsse anplis youn nan aksyon apa ki nan lwa a, ou dwe dekri omwen twa aksyon differan sou konpòtman kontwòl fòsse. Jij la bezwen plis enfòmasyon posib sou sa ki te pase a, sou sa chak moun te di, tout dat maltretans yo ak kote sa te pase, si te gen blese, si ou menm oswa yon lòt moun te mande èd medikal oswa lòt èd. Epitou, dekri tout maltretans ki te pase anvan sa, sa gen ladan I zak ki pi grav yo, avèk plis detay posib nan sa yo bay pi wo a.
Remak: Eksepte si tribunal la otorize yon Demann Retrè Enfòmasyon, deklarasyon sou sèman sa a ap biblik, sa gen ladan I non ak adrès ki nan deklarasyon sou sèman an. Yon Demann Retrè Enfòmasyon se yon deman ekri yo voye bay tribunal la pou yo pa bibliye kèk enfòmasyon. Si w gen kesyon sou fason pou w depoze yon Demann Retrè Enfòmasyon, tanpri, mande pèsonèl tribal la.
- Si te gen dosye legal anvan sa ant ou menm ak pati defandrès la, I ap enpòtan pou w pote tout dokiman legal ou genyen nan odyans lan.

• Fòmilè Enfòmasyon Konfidansyèl Pati demandrès la

- Fòmilè sa a mande kowòdone w. Tribunal la dwe ka pale avèk ou pou fè w konnen lè odyans sou plent ou an ap fèt. Ou dwe patisipe nan odyans lan. Kontak ou ap rete konfidansyèl. Sa vle di **ni biblik la ni pati defandrès la ni avoka pati defandrès la p ap gen aksè ak enfòmasyon w yo. Eksepte si yon jij bay yon otorizasyon espesyal, se sèlman ou menm, avoka w, moun ou otorize k ap gen aksè ak** repons ou bay nan fòmilè sa a, ak kèk moun lè sa nesesè pou yo fè travay yo (pa egzanp: avoka yo ak polisye yo). Si w pa swete tribal la kontakte w dirèkteman, tanpri, enfòme tribal la epi bay tribal lòt mwayen pou yo kontakte w.

• Fòmilè Enfòmasyon Pati Defandrès la

- Fòmilè sa a poze kesyon sou pati defandrès la. Kesyon sa yo enpòtan paske y ap ede lapolis konnen resanblans pati defandrès la ak fason pou yo jwenn. Demach sa a enpòtan paske lapolis dwe bay pati defandrès la yon kopi tout òdonans jij la bay.



PLENT POU PWOTEKSYON KONT MALTRETANS
G.L. c. 209A (Paj 1 sou 2)

NIMEWO DOSYE (DOCKET NO.)

**Tribinal Premye Enstans
nan Massachussetts**

<input type="checkbox"/> Tribunal Minisipal Boston	<input type="checkbox"/> Tribunal Distri a	<input type="checkbox"/> Tribunal Familyal & Pwobasyon	<input type="checkbox"/> Lakou Siperye	DIVIZYON TRIBINAL:
NON PATI DEMANDRÈS LA (moun k ap chèche pwoteksyon an)			NON PATI DEFANDRÈS LA (moun yo akize pou maltretans lan)	
<input type="checkbox"/> Pati Demandrès la gen 18 ane oswa plis. <input type="checkbox"/> Pati Defandrès la gen mwens pase 18 ane. <input type="checkbox"/> Pati Demandrès la gen youn oswa plizyè timoun ki gen mwens pase 18 ane, epi li mande yon òdonans pou timoun yo. Si se wi, Pati Demandrès ap ranpli paj 2 a.			<input type="checkbox"/> Pati Defandrès la gen 18 ane oswa plis. <input type="checkbox"/> Pati Defandrès la gen mwens pase 18 ane.	

FÒM MALTRETANS LAN

Sou oswa konsènan _____ (*dat. egzanp: 6 oktòb 2024, oktòb 2024, Otòn 2024*) Pati Defandrès la (*chwazi tout sa ki aplikab*):

- | | |
|---|--|
| <input type="checkbox"/> Li fè m sibi domaj fizik | <input type="checkbox"/> Angaje nan kontwòl fòse nan:

<input type="checkbox"/> Fè timoun mwen an (yo) oswa manm fanmi an mal oswa tante fè yo mal
<input type="checkbox"/> Maltrete oswa tante maltrete bêt mwen
<input type="checkbox"/> Pibliye oswa tante pibliye imaj seksyèl chokan sou mwen
<input type="checkbox"/> Yon modèl konpòtman jan yo dekri sa nan G.L. c. 209A, 1(d)(a) |
| <input type="checkbox"/> Tante fè m sibi domaj fizik | |
| <input type="checkbox"/> Fè m santi m pè pou gwo domaj fizik ki ka rive | |
| <input type="checkbox"/> Pouse m fè sèks pa lafòs, menas oswa kontrent | |

RELASYON KALIFYE

Pati Defandrès la avèk Mwen (*chwazi tout sa ki aplikab*):

- | | |
|--|--|
| <input type="checkbox"/> Nou marye youn ak lòt | <input type="checkbox"/> Paran youn oswa plizyè nan timoun yo ansanm |
| <input type="checkbox"/> Nou te marye youn ak lòt | <input type="checkbox"/> Nou pa marye, men nou se fanmi youn ak lòt nan san oswa pa maryaj; espesyalman, Pati Defandrès la se (<i>sa / ye pou mwen</i>): |
| <input type="checkbox"/> Nou angaje nou youn anvè lòt | <input type="checkbox"/> Nou pa fanmi, men n ap viv nan menm kay |
| <input type="checkbox"/> Nou te angaje nou youn ak lòt | <input type="checkbox"/> Nou pa fanmi, nou te konn viv nan menm kay |
| <input type="checkbox"/> Nou renmen youn ak lòt | |
| <input type="checkbox"/> Nou te renmen youn ak lòt | |

DOSYE LEGAL KI OUVÈ OSWA KI FÈMEN

Èske gen dosye legal ki ouvè oswa ki fèmen ki gen rapò avèk ou menm ak Pati Defandrès la, espesyalman pou divòs, retrè, sipò pou separasyon, separasyon legal oswa prevansyon kont maltretans (òdonans restriksyon) nenpòt pwosedi penal?

- Non
 Wi; tanpri, bay non tribunal la (li ka nenpòt tribunal nan Massachusetts), tip dosye a, epi nenpòt lòt enfòmasyon k ap itil:

Non Tribunal la ak Adrès li	Tip Dosye	Èske dosye a ouvè oswa li fèmen?

DEMANN KOREKSYON

Mwen mande Tribunal la (*chwazi tout sa ki aplikab*):

- Òdone Pati Defandrès la pou l sispann maltrete m.
 Òdone Pati Defandrès la pou l pa kontakte m ditou.
 Pou òdone Pati Defandrès la pa kontak m, eklepte si tribal la otorize sa pa: 1 iPhone | Mesaj Tèks | Imèl | Lòt: _____
 Òdone Pati Defandrès la pou l ale epiretelwen kote m abite (kay) (*jan yo fè konn sa nan fòmilè Enfòmasyon Konfidansyèl Pati Demandrès la*).
 Òdone Pati Defandrès la pou l ale epipase lwen biwo travay mwen/patwon m (*jan yo fè konn sa nan fòmilè Enfòmasyon Konfidansyèl Pati Demandrès la*).
 Òdone Pati Defandrès la pou l ale epirete lwen lekòl mwen (*jan yo fè konn sa nan fòmilè Enfòmasyon Konfidansyèl Pati Demandrès la*).
 Òdone pou adrès kote m abite (kay mwen) pa parèt nan òdonans lan pou Pati Defandrès la pa wè l.
 Òdone pou adrès biwo travay mwen pa parèt nan òdonans lan pou Pati Defandrès la pa wè l.
 Òdone pou adrès lekòl mwen pa parèt nan òdonans lan pou Pati Defandrès la pa wè l.
 Òdone Pati Defandrès la pou l peye m \$ _____ dedomajman pou domaj sa yo m sibi a kòm konsekans dirèk maltretans lan:

- Òdone Pati Defandrès la, selon sa l dwe fè legalman, pou l peye m pansyon alimantè pou timoun yo ak/oswa pansyon alimantè pou mwen.
 Òdone reparasyon yo mande nan Paj 2 Plent sa a konsènan timoun mwen an (yo) ki minè.
 Òdone Pati Defandrès la pou l sispann maltrete, menase, kenbe, deranje, transfere, anbarase, kache, fè mal oswa separe ak bêt la (yo) yon lòt fason: _____
 Òdone pou yo ban m posiblite, ban m pran swen epi siveye bêt la (yo): _____
 Òdone eleman sa yo:

SIYATI

Chwazi sa ki pi apwopriye a:

- Mwen se Pati Demandrès la epi mwen ranpli fòmilè Plent sa a, e mwen ranpli l poukont mwen.
 Se pa mwen ki Pati Demandrès l, men mwen ranpli fòmilè Plent sa a epi ranpli l nan non Pati Demandrès la. Men relasyon m ak Pati Demandrès la: _____

DAT	NON AN LÈT MAJSKIL	SIYATI

Si Tribunal la bay yon Òdonans tanporè, l ap planifie yon odyans nan espas 10 jou travay pou l verifye si Òdonans lan toujou kenbe. Ou dwe preznan nan pwochen odyans yo fikse a, sinon, Odyans lan ap eksپire. Pati Defandrès la ka patisipe avèk oswa san avoka pou l evite Òdonans lan pwolonje.



KEYSON KONSÈNAN TIMOUN YO

Paj Plent lan dwe ranpli si Pati Defandrès la gen timoun ki gen pi piti pase 18 ane.

PWOSEDI KI ASOSYE: SWEN OSWA RESPONSABLITE TIMOUN

Si w gen timoun ki gen pi piti pase 18 ane, tanpri, chwazi youn nan de deklarasyon ki pi ba a, selon sa ki aplikab la.

- Mwen pa patisipe ladan I epi Mwen pa konnen lòt swen oswa pwosedи responsablite timoun.
 Mwen patisipe ladan I epi/oswa mwen konnen lòt swen oswa pwosedи responsablite timoun.

Si w chwazi dezyèm opsyon an epi ou te patisipe ladan I epi/oswa konnen lòt pwosedи swen oswa responsablite timoun, ou dwe ranpli epi depoze **Deklarasyon sou sèman Swen oswa Responsabilite Timoun nan** jan Règ Inifòm IV la Tribunal Premye Enstans lan egzije sa. Tanpri, mande pèsonèl tribunal la pou yo ba w fòm sa a.

PWOSEDI KI ASOSYE: PATÈNITE

Èske gen yon dosye legal nan Massachusetts oswa nan tout eta a oswa peyi a ki ouvè oswa fèmen ki enplike ou menm ak Pati Defandrès la nan zafè patènité?

- WI NON

TIMOUN KI GEN PI PITI PASE 18 ANE

Tanpri, bay non ak laj timoun ou genyen ki gen pi piti pase 18 ane:

- Non: _____ Laj: _____ Non: _____ Laj: _____
Non: _____ Laj: _____ Non: _____ Laj: _____
Non: _____ Laj: _____ Non: _____ Laj: _____

Si Pati Demandrès la estime Pati Defandrès la pa t maltrete Pati Demandrès la epi li te maltrete sèlman timoun yo site non I pi wo a, y ap depoze yon Plent nan non chak timoun nan tribunal la. Si w gen kesyon sou sijè sa a, ou ka mande pèsonèl tribunal la sa yo ezije yo.

DEMANN POU RESPONSABLITE TIMOUN KI MINÈ PATI YO

- Mwen mande Tribunal la pou I ban m tout responsablite a pou timoun ki minè yo site non I (yo) pi wo a.

DEMANN POU PA GEN OKENN KONTAK AK TIMOUN YO

- Mwen mande Tribunal la pou I òdone Pati Defandrès la pou I gen okenn kontak ak timoun ki minè a (yo).
 Mwen mande Tribunal la pou I òdone Pati Defandrès la pou I pa gen okenn kontak ak timoun ki minè a (yo), eksepte si tribunal la otorize sa pa:
 Telefòn Mesaj Tèks Imèl Lòt:
 Mwen mande **Tribunal la pou I òdone Pati Defandrès la pou I rete lwen lekòl ak/oswa gadri timoun ki minè yo site pi wo a:**

Men prensipal rezon ki fè m mande Tribunal la pou I òdone Pati Defandrès la pou I pa pran kontak **ak/oswa rete lwen timoun ki minè Pati Defandrès la :**

[Large empty box for writing]

DEMANN OTORIZASYON VIZIT PARAN

Demann Vizit Paran an posib SÈLMAN si Pati Demandrès la depoze yon Plent nan Tribunal Pwobasyon an ak Familyal la.

- Mwen mande Tribunal la pou I pa otorize vizit paran ant Pati Defandrès la ak timoun ki minè a (yo).
 Mwen mande Tribunal la pou I mete restriksyon nan vizit paran ant Pati Defandrès la ak timoun nou an (yo) ki minè nan:
 Otorize vizit paran sèlman nan sant vizit sa a: _____, moun k ap peye a se _____ (non).
 Otorize vizit paran sèlman lè moun sa a ap sipèvize (non), nan lè sa yo: _____, moun k ap peye a se _____ (non).
 Otorize vizit paran sèlman si gen yon lòt moun ki preznan, _____ (non), vin chèche epi depoze timoun nou an (yo) ki minè.

- Lòt

[Large empty box for writing]

PANSYON ALIMANTÈ TANPORÈ

- Mwen mande Tribunal la pou I òdone Pati Defandrès la pou I peye pansyon alimantè tanporè pou tout timoun ki sou responsablite m, selon obligasyon li genyen pou I fè sa.

SIYATI

Chwazi sa ki pi apwopriye a:

- Mwen se Pati Demandrès la epi mwen ranpli fòmilè Plent sa a, e mwen ranpli I poukont mwen.
 Se pa mwen ki Pati Demandrès I, men mwen ranpli fòmilè Plent sa a epi ranpli I nan non Pati Demandrès la. Men relasyon m ak Pati Demandrès la: _____

DAT	NON AN LÈT MAJSKIL	SIYATI

**DEKLASYON SOU
SÈMAN
(AFFIDAVIT)
POU PWOTEKSYON KONT
MALTRETANS G.L. c. 209A**

Dekri an detay zak maltretans ki pi resan yo. Si w deklare yon kontwòl fòse anplis youn nan aksyon apa ki nan lwa a, ou dwe dekri omwen twa aksyon differan sou konpòtman kontwòl fòse. Jij I mande plis **enfòmasyon posib, tankou sa k te pase, sa chak moun te fè, dat yo, kote yo te pase, nenpòt blesi, ak tout** èd medikal oswa lòt èd ou te mande. Epitou, dekri tout maltretans ki te pase, sa gen ladan I zak maltretans ki pi grav yo, avèk plis detay posib nan sa yo bay pi wo a. **Remak:** Eksepte si tribinal la otorize yon Demann Retrè Enfòmasyon, deklarasyon sou sèman sa a ap pubblik, sa gen ladan I non oswa adrès espesyal ki nan deklarasyon sou sèman an. Yon Demann Retrè Enfòmasyon se yon deman ekri yo voye bay tribinal la pou yo pa pibliye kék enfòmasyon. Si w gen kesyon sou fason pou w depoze yon Demann Retrè Enfòmasyon, tanpri, mande **biwo grefye a oswa rejis** la.

Sou oswa konsènan _____ (dat, egzanp: 6 oktòb 2024, oktòb 2024, oswa Otòn 2024), Pati Demandrès la:

Si kazyé sa a tcheke, w ap bezwen plis espas, epi _____ (*nimewo, konbyen*) yo mete kék paj anplis.

SIYATI

Chwazi sa ki pi apwopriye a:

- Mwen se Pati Demandrès la epi mwen ranpli Deklarasyon sou sèman sa a poukont mwen, epi mwen jire pou m tonbe anba sanksyon lalwa si tout deklarasyon mwen bay pi wo yo ak sa ki nan fòmilè plent lan pa laverite, selon sa m konnen.
- Mwen se yon Entèprèt Legal Sètifye epi sa a se yon vèsyon Deklarasyon sou sèman Pati Demandrès la ki tradui. Lang: _____
- Mwen se yon ajan fòs lòd. Mwen ranpli Deklarasyon sa a avèk enfòmasyon pati Demandrès la bay.
- Mwen pa Pati Demandrès la, men transkri Deklarasyon sou sèman an nan non Pati Demandrès la. Men relasyon m ak Pati Demandrès la: _____

DAT	NON AN LÈT MAJISKIL	SIYATI

LÒT DEKLARASYON SOU SÈMAN
POU PWOTEKSYON KONT MALTRETANS
G.L. c. 209A

Yo ka itilize I lè pati demandrè la bezwen plis espas pou I dekri maltretans lan.

Remak: Eksepte si tribunal la otorize yon Demann Retrè Enfòmasyon, deklarasyon sou sèman sa a ap piblik, sa gen ladan l non oswa adrès espesyal ki nan deklarasyon sou sèman an. Yon Demann Retrè Enfòmasyon se yon deman ekri yo voye bay tribunal la pou yo pa pibliye kèk enfòmasyon. Si w gen kesyon sou fason pou w depoze yon Demann Retrè Enfòmasyon, tanpri, mande biwo grefye a oswa rejis la.

Kontinye apati paj_____ sou_____ total paj.

Si kazyé sa a tcheke, w ap bezwen plis espas, epi_____ (*nimewo, konbyen*) yo atache total paj anplis la.

SIYATI

DAT	NON AN LÈT MAJISKIL	SIYATI
-----	---------------------	--------



Yo dwe sele fòmilè sa a nan yon anvòp ki ekri sou li "ADRÈS PATI DEMANDRÈS LA - KONFIDANSYÈL."

NON PATI DEMANDRÈS LA

DAT NESANS PATI DEMANDRÈS LA

Si kazyé sa a kwoche, sa vle di Pati Demandrès la mande/bezwen yon entèprèt (sa gen ladan l lang siy). Lang:

ADRÈS IMÈL PATI DEMANDRÈS LA

NIMEWO TELEFÒN PATI DEMANDRÈS LA

ADRÈS KOTE PATI DEMANDRÈS LA ABITE (KAY LI) (NIMEWO, RI, VIL, ETA, KÒD POSTAL)

AFILYASYON MILITÈ PATI DEFANDRÈS LA

- Responsablitè Aktif
- Gad/Rezèv
- Ansyen Sòlda (Veteran)
- Okenn Manm Fanmi/Pa Konnen

Si kazyé sa a kwoche, se yon batiman ki gen plizyè apatman oswa yon lojman ki gen plizyè fanmi (kay).

TOUT ANSYEN ADRÈS PATI DEMANDRÈS LA TE KITE POU L KA EVITE MALTRETANS (pou dosye prevansyon kont maltretans sèlman G.L. c. 209A)

NON BIWO TRAVAY/ANPLWAYÈ PATI DEMANDRÈS LA (bay non konpayi/antrepriz ak patwon/sipèvizié)

ADRÈS BIWOTRAVAY PATI DEMANDRÈS LA (NIMEWO, RI, VIL, ETA, KÒD POSTAL)

NIMEWO TELEFÒN BIWO TRAVAY PATI DEMANDRÈS LA

NON LEKÒL PATI DEMANDRÈS LA

NON LEKÒL PATI DEMANDRÈS LA (NIMEWO, RI, VIL, ETA, KÒD POSTAL)

FOMILÈ SA A KONFIDANSYÈL EPI NI PUBLIK LA NI PATI DEFANDRÈS LA OSWA AVOKA PATI DEFANDRÈS PA GEN AKSÈ AVÈK LI. Eksepte si yon jij bay yon otorizasyon, se sèlman ou menm, avoka w, moun ou otorize ki gen aksè ak fòmilè sa a (gade pi ba a), ak kék moun lè sa nesesè pou yo fè travay yo (pwokirè yo, ajan fòs lòd yo, avoka viktim nan ak temwen yo, konseye agresyon seksyèl yo, nan dosye G.L. c. 209A, konseye vylanis domestik yo).

MOUN PATI DEMANDRÈS LA OTORIZÉ KI POU GEN AKSÈ AK ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL SA A

DAT	SIYATI PATI DEMANDRÈS LA
------------	---------------------------------

SI YON JIJ ÓDONE PATI DEFANDRÈS LA RETE LWEN KOTE W ABITE A (KAY), BIWO TRAVAY OSWA LEKÒL OU, ADRÈS SA YO AP PARÈT NAN ÓDONANS TRIBINAL LA. PUBLIK LA P AP GEN AKSÈ AVÈK YO, MEN PATI DEFANDRÈS LA AP KA WÈ YO. Si w pa swete adres sa yo parèt nan Ódonans tribal la epi ou pa vle Pati Defandrès la konnen yo, ou dwe mande espesyalman pou adres kay ou, travay ou ak/oswa lekòl ou pa parèt nan òdonans lan Tanpri, sonje si tribal la aksepte demann sa a epi okenn adres pa parèt nan Ódonans lan, lapolis p ap ka jwenn adres ou, sof si yo kontakte tribal la nan lè travay tribal la oswa sof si w ta bay lapolis adres ou.

Si ni ou menm ni Pati Defandrès la gen plis pase 18 ane, nòmalman, publik la ka gen wè dosye legal yo. Si w gen rezon pou w mande jij la pou i pwoteje konfidansyalite kèk pati nan dosye tribal la, ou ka soumet yon demann pa ekri (yon demann (a "motion")) pou w mande jij la fè sa. Ou ka mande Biwo Grefye a osa Rejis la pou yo esplike w fason pou w depoze yon Demann Retrè Enfòmasyon annakò ak Règleman Inifòm VIII Tribunal Premye Enstans lan sou Pwosedi Retrè. Ou ka depoze yon Demann Retrè Enfòmasyon si w gen bon rezon pou yo pa bibliye adres ou oswa lòt enfòmasyon konfidansyèl nan dosye sa a bay moun k ap gen aksè a nan sa y ap fè pou yo reponn ak responsablitè yo genyen (pwokirè yo, fòs lòd yo, avoka viktim yo, temwen viktim yo, konseye agresyon seksyèl yo ak, nan G.L. c. 209A cases, konseye vylanis domestik yo). Anjeneral, yon tandans jeneral pou respè lavi prive pa yon rezon sifizan pou yon jij ototorize retrè sou dosye legal yo epi entèdi publik la pou yo wè yo.

Si ou menm ak Pati Defandrès la gen pi piti pase 18 ane, manm publik la p ap ka wè dosye legal yo. Se sèlman ou menm, Pati Defandrès la ak avoka w yo k ap gen aksè dosye legal yo. Epitou, dosye sa yo ap disponib pou paran yo oswa responsab legal nepòt moun ki gen pi piti pase 18 ane.



FÒMILÈ ENFÒMASYON PATI DEFANDRÈS LA
JAN PATI DEMANDRÈS LA BAY SA
G.L. c. 209A or G.L. c. 258E

NIMEWO DOSYE (DOCKET NO). (pou
utilizasyon tribinal la sèlman)

**Tribinal Premye Enstans
nan Massachussetts**

Enfòmasyon ki pi ba yo nesesè pou ede lapolis idantifye epi jwenn Pati Defandrès la pou remèt li kopi òdonans prevansyon kont maltretans oswa asèlman yo bay la. Tanpri, bay plis enfòmasyon posib. Si gen kèk enfòmasyon ou pa konnen, tanpri, fè pèsonèl tribinal la konn sa pou yo ka ede w.

NON PATI DEFANDRÈS LA (NON, DEZYÈM NON, & SIYATI) (non konplè legal/nesans)

DAT NESANS

LÒT NON PATI DEFANDRÈS LA GENYEN, SI SA POSIB (*alias, sounon, ansyen non*)

KOTE LI FÈT (Vil (City), Eta (State), Peyi (Country))

Si kazyé sa a kwoche, Pati Defandrès la ka mande/bezwen yon entèprèt (sa gen ladan lang siy). Lang:

NON MANMAN AN (NON (FIRST) & NON JÈN FI (MAIDEN))

NON PAPA A (NON & SIYATI)

NIMEWO SEKIRITE SOSYAL (*kat dènye chif yo*)
XXX-XX-

DESKRIPSYON PATI DEFANDRÈS LA

SÈKS <input type="checkbox"/> GASON <input type="checkbox"/> FI	IDANTITE SEKSYÈL	RAS	ORIJIN ETNIK	FOTO DISPONIB (<i>itil pou ID</i>) <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
---	------------------	-----	--------------	---

KARAKTERISTIK KÒ (<i>tip kò</i>)	JE (<i>koulè</i>)	CHEVE (<i>koulè</i>)	WOTÈ	PWA
------------------------------------	---------------------	------------------------	------	-----

LÒT KARAKTERISTIK FIZIK (*linèt, sikatris, tatwaj, aparans, kwafi*)

AFILYASYON MILITÈ PATI DEFANDRÈS LA
 Responsabilite Aktif
 Gad/Rezèv
 Ansyen Sòlda (Veteran)
 Manm Fanmi
 Okenn/Pa Konnen

KONTAK & LOKALIZASYON PATI DEFANDRÈS LA

NIMEWO TELEFÒN PATI DEFANDRÈS LA

ADRÈS IMÈL PATI DEFANDRÈS LA

ADRÈS PATI DEFANDRÈS LA ABITE (KAY LI) (NIMEWO, RI, VIL, ETA, KÒD POSTAL)

Si bwat sa a kwoche, Pati Defandrès la abite nan yon apatman. Apatman an nan _____ (*premye, dizyèm, elatriye.*) etaj epi non ki sou pòt la/bwat lèt apatman an se _____.

BIWO TRAVAY/ANPLWAYÈ PATI DEFANDRÈS LA (bay non konpayi/antrepriz ak patwon/sipèvizè)

NIMEWO TELEFÒN TRAVAY LA

ADRÈS TRAVAY LA (NIMEWO, RI, VIL, ETA, KÒD POSTAL)

TIT PÒS LA

DEPATMAN

ORÈ TRAVAY

NIMEWO PLAK MACHIN

ANE

MAK

MODÈL

KOULÈ

LÒT ENFÒMASYON

Se enpòtan pou lapolis ka asire sekirite tout moun pandan y ap bay nenpòt Òdonans prevansyon oswa asèlman Tribunal la bay.

Èske Pati Defandrès la gen:

istwa vyolans sou polisyè?

Non Wi Pa Konnen

Aksè ak oswa gen zam, minisyon, yon pèmi pou l pote zam, yon kat idantifikasyon zam?

Non Wi Pa Konnen

Istwa utilizasyon ak/oswa pran dwòg ak/oswa alkòl?

Non Wi Pa Konnen

Pwoblèm sante mantal?

Non Wi Pa Konnen

NENPÒT ENFÒMASYON KI KA ITIL POU N LOKALIZE PATI DEFANDRÈS LA (*Bay pi bon kote a ak/oswa moman pou n jwenn li, kote l abite pandan yon ti tan, kay zanmi l ak/oswa fanmi l, elatriye. Si w pa konnen kèk detay byen presi sou machin pati defandrès la konn kondui, ou ka dekri machin nan la.*)

DAT

NON PATI DEMANDRÈS LA AN LÈT MAJISKIL

SIYATI PATI DEMANDRÈS LA